


№ 1 (6461) 1 январь 2016 с. Рузман РабигIул авал 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

# Баркула цIияб сон, хIурматиял районцоял!

### ТалихIаб ва бараката батаги!

**ХIурматиял районцоял! Гьале нилъеца нухда регIана XXI гIасруялъул цойги сон ва дандчIвай гьабулеб буго 2016 соналда. Нилъеца къо-мех лъикI гьабураб 2015 сон букIана районалъул гIадамазе социалиябгун экономикияб ва рухIияб цебетIеялъул нухда лъикIал хIасилал росараб сонлъун.**

Дагъистаналъул муниципалиял районазда гьоркьоб Гумбет район кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана социалиябгун экономикияб цебетIеялъулъ росарал бергьенлъабазе гIоло.

Бигьаял гурел шартIазда гIумру гьабун ругьунал, яхI-намусалъул цIурал нилъер районалъул гIадамазда бажарана нухал гьариялда ва гьел къачIаялда, бакIал раялда, сахлъи цIуниялъул, маданиял ва лъайкьеялъул учреждениязда лъикIал хIасилал росизе. Божи ва хьул буго 2016 соналъги щибаб хъизаналъе сайгъат гьабилин талихI, щибаб рукъалъе хинлъи, щивав чиясе сахлъи.

ХIурматиял районцоял, ракI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб 2016 сон! Гьарула щивасе сахлъи, рохел, рекъел, талихI. ТIадегIанав Аллагьас баракат рештIаги щивасул рукъалда, тIурайги щивасул мурадал, лъикIлъаги гIумру яшав, нужер къавулъе лъикIаб гуреб хабаралъ нуцIа рагьугеги.

Биччанте цIияб сон нилъер щивасе букIине рохалилаблъун, ургъел - балагьал рикIкIалъараблъун, ракълилаблъун ва талихIаблъун, районалъул киналго гIадамал цоцазда ричIчIулеллъун, цоцалъ гьел гъункулеблъун.

ЦIияб сонгун, цIияб талихI-рохелгун, хIурматиял районцоял.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

# Мухбирзабазда ва газета цIалулезда



**ХIурматалъул «Гумбет» газеталъул мухбирзаби ва газета цIалулел!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда цIияб сон! Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб, парахатаб гIумру, талихI, рохел. Щивасул рекIел мурадал тIураги, гьабулеб данде бильъбаги, вацлъи, гьудуллъи цIунизе тавпикъ кьеги.

Я Аллагь букIаги исанасеб сон ризкъи гьарзаяб, рохалил гурони хабар лъалареб, нигIматал гьарзаяб, щваралда баракат лъолеб, инсаниятальго ракьалда эркенго гIумру тIамулеб, тIолалго миллатаз цо эбелалъул лъималаз гIадин гIумру гьабулеб. Амин!

**«Гумбет» газеталъул редакция**

АНТИТЕРРОР

# Терроризмалда дандечIараб темаялда «гургинаб стол»

**Гумбеталъул гIолилазул гIемерфункциялъулаб централда тIобитIана районалъул росабазул имамзаби, гIолилазул вакилзаби ва гIадлу-низам цIуниялъул органазул хIалтIухъаби гIахьаллъараб «гургинаб стол».**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана гьединго райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов,** гIолилазул гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев **МухIамад Зубайров,** «Гумбеталъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев **Хайрудин Халидов.**

«Гургинаб стол» тадбир рагьана ва бачана МухIамад Зубайровас. КIалъаялда гьес бихьизабуна районалда экстремизмалде, терроризмалде данде гьабулеб профилактикияб хIалтIуде кIудияб кIвар кьолеб бугилан, жакъасеб дандеруссинги «Гумбет район» муниципалияб районалда экстремизмалде ва терроризмалде данде къеркьеялъул 2015 соналъул комплекснияб программа тIубазабиялде буссараб бугилан.

Гьенир кIалъаял гьаруна районалъул имам **ГIабдулагь-хIажи Закарикаевас,** ЦIияб Аргъвани росдал имам **ХIажи Иналовас,** Аргъвани росдал имам **Камил Якъубовас**, МелъелтIа росдал имам **Исрапил-хIажи ГIизраиловас,** санаде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ полициялъул инспектор **МухIамад ХIусейновас.**

«Экстремизмалъ ва терроризмалъ улкаялда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе кIудияб хIинкъи ккезабулеб буго, гьединлъидал хIажатбуго, хасго гIолилазда гьоркьоб профилактикияб хIалтIи камилго гIуцIизе, квешаб, рахъалдехун гьетIиялдаса гьел цIунизе» – ян абуна «Гумбеталъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас.

Экстремизмалде ва терроризмалде данде профилактикияб хIалтIи гьабиялъул лъикIал къагIидабазул бицана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**2015 соналда Гумбет районалда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъинал**



-2 гьум.

**ЧIиркъатIа музеялда ва АхIулгохIда рагьараб дарс**



- 3 гьум.

БАРКИЯЛ

## Россиялъул пенсиялъул фондалъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъабазда

РакI-ракIалъ баркула ОПФРалъул хIалтIухъабазда Россиялъул пенсиялъулаб фонд гIуцIараб къо. Районалъул гIадамазе хIажатаб хъулухъ тIубазабиялъулъ хадурккунги бергьенлъаби гьарула нужее.

ОПФРалъул киналго хIалтIухъабазе гьарула талихI-рохел, щулияб сахлъи, тIураги щивасул мурадал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Энергетиказда

РакI-ракIалъ баркула энергетиказда гьезул махщалилаб байрам. Гьарула сахлъи, рохел, талихI, икъбал, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЛЪАГIАЛИЛ ХIАСИЛАЛ

# 2015 соналда Гумбет районалда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъинал

Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадов хIалтIулаб сапаралъ Гумбет районалде вачIана. Районалъул нухмалъулелгун гьев щвана пагьму-гьунар бугел лъималазул интерналде.

* * *

МахIачхъалаялда тIобитIана Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасулгун бакълъулазул гIолилазул дандчIвай «ГIолилал – районалъул ва республикаялъул букIинесеб» абураб ахIиялда гьоркь.

* * *

МахIачхъалаялдаса Гъизляр шагьаралде цIияб мажгиталде МухIамад аварагасул ( с. т. гI. в.) рас ва 20 ялдаса цIикIкIун асар щвезабиялъул хIурматияб тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул имам ГIабдулагь-хIажи Закарикаев ва районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадов. Къиматал асаразул цояб, хирияб КагIбаялъул кIул гьенибе босизе рес щвана гьезие.

* * *

Северияб Кавказалъул гIолилазул «Машук - 2015» форумалда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповгун ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадовгун Гумбет районалдаса 6 гIолилав.

* * *

ДРялъул миллияб библиотекаялъул конференц-залалда тIобитIараб данделъиялда культураялъул ва литератураялъул хIаракатчагIазе къуна пачалихъияв шапакъатал. Дагъистан Республикаялъул ХIурматалъул грамота щвана поэт, публицист, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул, журналистазул Союзалъул член, Юсуп Хаппалаевасул ва МухIамад Шамхаловасул премиязул лауреат, районалъул информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасе.

* * *

2015 сон Гумбет районалда Инхоса ГIали-хIажиясул лъагIеллъун лъазабун букIана. Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялъул юбилеялъул хIурматалда, ТIад Инхо росулъги Россиялъул гIадатияб маданиялъул централдаги, росабалъ ругел маданиял ва лъайкьеялъул учреждениязги батIи-батIиял тадбирал тIоритIана.

* * *

2015 сон – гIамал-хасият лъикIлъизабиялъул лъагIеллъун лъазабиялда бан, Дагъистаналъул динияб идараялъул дагIваталъул отделалда хIалтIулел руччабиги рачIун, райцентралда тIобитIана бакълъулазул руччабазул мажлис.

* * *

Гумбет районалда тIобитIана Адабиялъул сон рагьиялда хурхун сухIмат. Гьоболлъухъ рачIун рукIана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадов, шагIирал ГIайшат Малачиева, Сабигат МухIамадова ва цогидалги.

* * *

Гумбет районалда пагьму-гьунар бугел лъималазул школа – интерналда рагьана Дагъистаналъул шагьараздаса ва росабалъа 40 цIалдохъанасе лъай кьолеб Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа.

* * *

Гумбеталда рагьана гIолилазул гIемерфункциялъулаб центр. Гьеб рагьиялда гIахьаллъана ДРялъул гIолилазул политикаялъул рахъалъ министр Заур Къурбанов, ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул заместитель, олимпиялъул чемпион ХIайдарбег ХIайдарбегов, олимпиялъул чемпион, нильер ракьцояв ХIажимурад МухIамадов, «Геополитика» журналалъул ва порталалъул бетIерав редактор Леонид Савин ва цогидалги.

* * *

Гумбеталда тIобитIана Северияб Кавказалъул гурхIел-рахIмуялъулаб акция «Щуне лъимал!» абураб ахIиялда гьоркь. Гьеб тадбир тIобитIана Чачан республикаялъул Грозныялдаса «Интерактив» ОООялъ, Гумбет районалъул администрациялъгун цадахъ «Цогояб Россия» партиялъул рахъккквейгун.

* * *

Гумбеталда тIобитIана экономикаялда гIадлу-низам гьабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Дагъистаналъул МугIрузулаб округ цебетIезабиялъул суалал рорхана гьенир. ГIахьаллъана ДРялъул экономикаялъул ва ракьал церетIезариялъул министр Раюдин Юсупов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадов, мугIрузул 15 районалдаса вакилзаби ва цогидалги.

* * *

Хъил тIуна ва гIатIид гьабуна «Сагъри – МелъелтIа» шагьранух.

* * *

Аргъвани росулъ рагьана мебель гьабулеб цех.

* * *

ЛъаратIа бана росдал поселковияб администрациялъе мина.

* * *

Ахихъанлъиялъул лъагIеллъун лъазабураб 2015 соналъ районалда чIана 30 гектаралда ахал.

* * *

Гумбеталда тIобитIана «Гьоболлъи» проекталда рекъон даднчIвай. Гьенире рачIун рукIана Гъаякент районалда вакилзаби ва кIиго анкьалъ гьоболлъухъ ЛъаратIаса Камил Залумханов къабул гьарурал Казиловазул хъизаналъул члелал.

* * *

Гумбет ва ЦIияб Лак районаз вацлъи рагIизабуна. Гумбет районалде рачIун рукIана ЦIияб Лак районалдаса делегация, ДРялъул миллияб политикаялъул министрасул заместитель Зикрула Ильясов, ДРялъул гIолилазул ишазул министр Заур Къурбанов.

* * *

Гумбеталда тIобитIана кардиологазул гIелмиябгун практикияб конференция. ГIахьаллъана мугIрузул территориалияб округалъул терапевтал. Конференциялъул хIалтIуе нухмалъи ва кIалъай гьабуна ДРялъул бетIерав терапевт МухIамад ГIабдулаевас, Москваялъул Сеченевасул цIаралда бугеб № 1 факультативияб терапиялъул доцент Антон Радионовас.

* * *

Дагъистан Республикаялъул МВДялъ республикаялъул полициялъул хIалтIухъабазда гьоркьор тIоритIарал къецазда гIахьаллъарав Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковияв уполномоченный, полициялъул майор Мухтар ГIабдурахIмановас «Махщалил рахъалъ бищун лъикIав» абураб конкурсалда лъабабилеб бакI ккуна.

* * *

Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда, «Человеческий капитал» проекталъул «Родные языки» подпроект гIумруялде бахъинаби мурадалда Гумбеталда тIобитIана Дагъистаналъул авторазул асарал рикIкIиналъул республикаялъул конкурсалъул муниципалияб этап. ТIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан Марият МухIамадовалъ.

* * *

МахIачхъалаялда авар театралда тIобитIана магIарулазул мацIалъул къоял. Миллатцоязе гьеб байрам сайгъат гьабуна Дагъистаналъул магIарулазул миллиябгун маданияб регионалъулаб автономиялъ. 2014 соналъул хIасилал гьарун, магIарул автономиялъ шапакъатал къуразда гьоркьоб букIана бакълъулазул «Гумбет» газетаги.

* * *

Дагъистаналъул миллиял мацIазда кучIдул рикIкIиналъул республикаялъулаб конкурсалда ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Макка МухIамадзагьидовалъ лъабабилеб бакI ккуна.

* * *

Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда тIобитIана «ЛъагIалил цIалдохъан – 2015» конкурс. Номинациязул хIасилал гьарун, тIоцебесеб бакI щвана Данухъ гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан Хъандулай Багъавудиновалъе.

* * *

«Республикаялъул гIолилал – наркотиказде данде» абураб ахIиялда гьоркь МахIачхъалаялда тIобитIараб ва КIудияб ВатIаниияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб туристлъиялъулгун гIагараб ракь лъазабиялъул «Юный спасатель» 61 аб. слеталда «С» классалда Игьали гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз лъабабилеб бакI ккуна.

* * *

ДРалъул культураялъул Министерствоялъ ва республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъалъ тIобитIараб «Нур» абураб къецалда 4 номинациялда гьоркьоб цоялда бергьенлъи босана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировас.

* * *

«ЛъагIалил учитель – 2015» районалъулаб конкурсалда бергьенлъи босана Игьали гьоркьохъеб школалъул тарихалъул ва обществознаниялъул учительница ПатIимат Шарапудиновалъ.

* * *

Аргъванисa спортсмен КъурбангIали ГIабдусаламовас бергьенлъи босана Ингушетиялда тIоритIарал М-1 GHALLENQE 58 къецазда. Лъабабго раундалда гьес парангав къезавуна.

* * *

Россиялъул тIаса бищараб командаялда гьорлъ FCF – MMA – 2015 кверщжубараб рагьда Кисловодскиялда тIобитIараб дуниялалъул чемпионаталда 84 кг цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна ва дуниялалъул чемпионлъун вахъана Игьали гьоркьохъеб школа лъугIарав ва Ставрополалъул медицинаялъул университеталда цIалулев вугев ГIалихан Ибрагьимов.

* * *

Аргъванисa КъурбангIали ГIабдусаламовас Сочиялда американкасда тIад бергьенлъи босана профессионалияб къабгIеялда. Аргъванисa Къурбан ХIажиев рагъулаб самбоялъул рахъалъ, дуниялалъул чемпионлъун, ХIажимурад ХIажиев эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул чемпионлъун вахъана

* * *

5 район гIахьаллъун Болъихъ районалда тIоритIарал зоналиял къецазда эркенаб гугариялъул чемпионлъун вахъана МелъелтIа ДЮСШялъул речIчIухъан Набигула Астимиров.

* * *

Аргъванисa гIолохъанав спортсмен Шамил ИсхIакъов вахъана тхэквондоялъул рахъалъ СКФОялъул чемпионлъун.

* * *

МелъелтIа росулъа речIчIухъан Мурад Ислаханов кIиабизеги вахъана Дуниялалъул чемпионлъун. Октябрь моцIалъул ахиралда 70 кг. цIайиялъул Мурад дандчIвана 9 пачалихъалдаса речIухъабигун ва бергьана.

* * *

МахIачхъалаялда тIобитIана Гумбеталдъул «Гьудуллъиялъул рокъоб» ва студентазул ва интеллигенциялъулVI форум.

**ХIадурана КъурмагЬиз ХIадисовалъ**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Инхоса ГIали-хIажиясул хIакъалъулъ цIияб тIехь

**ЧIиркъатIа росулъа филологиял гIелмабазул кандидат Рамазан МухIамадовас цо чанго соналъ тIадги хIалтIун, хьвана машгьурав гIалим, гIакьил, поэт Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялде кIудияб тIехь – «Инхоса ГIали-хIажияв – поэт ва просветитель» - абун цIар бугеб. ТIехь гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан. ТIехьалда буго печаталъ кьабураб 295 гьумер. ТIехьалъул тIоцебесеб бутIаялда буго 11 бетIер.**

1) Дагъистаналда просвещениялъулаб эпоха (революциялъулал рагъазул эпоха)

2) Дагъистаналда гIарабазулгун бусурбабазулаб культура тIибитIиялъул хIакъалъулъ кьокьабго тарих

3) ГIали-хIажиясул гIумру ва хIаракатчилъи лъазабиялъул кьокьабго тарих

4) ГIали-хIажияв 1877 абилеб соналъул багьа-бачариялъул жигарав гIахьалчи.

5) ГIали-хIажияв - поэт – просветитель

6) ГIали-хIажиясул поэзиялда жаниб халкъалъе эркенлъи кьезе ккеялъул, гIадамазда гьоркьоб ращалъи букIине ккеялъул хIакъалъулъ.

7) ГIали-хIажиясул хIаракатчилъиялда жаниб гIадамазул кьисматалъул хIакъалъулъ суал.

8) ГIали-хIажиясул шигIриял асаразда жаниб бечедал чагIазул ва тIадчагIазул сипатал.

9) ГIали-хIажиясул хIаракатчилъиялда жаниб цIаларал гIадамазул сипатал.

10) «ГIакълудал ралъад» - поэма – поэтасул бищунго камилаб асар.

11) «Макка бахъи» гIадамазул психология (пикраби ва гIамал – хасият) рагьун бихьизабулеб поэма.

ТIехьалъул II бутIаялда буго 5 бетIер

1) Аваразул халкъалъул литератураялда жаниб просвещениялъулаб (революциялъулаб) эпоха.

2) Кюрдамиралдаса Измаил-хIажил ва Ярагьиялдаса МухIамадил заманаялъул литература

3) Имам ГъазимухIамадил заманаялъул литература

4) Имам ХIамзатил заманаялъул литература

5) Имам Шамилил заманаялъул литература

«Инхоса ГIали-хIажияв – поэт – просветитель» абураб тIехь хьван буго литература лъазабулеб гьанжесеб гIелмуялъул кьучIалда. ТIехьалда жаниб бицунеб буго поэтасул гIумруялъул, хIаракатчилъиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалазулги.

ГьанжелъизегIан нилъеда лъалеб букIинчIо поэтасул жамгIияб бербалагьи. Гьеб тIехьалда жаниб гьеб суалги мухIканго рагьулеб буго. ГIали-хIажияв вукIана 1877 абилеб соналъул восстаниялъул жигарав гIахьалчи ва гьелъие гIоло пачаясул власталъ поэт туснахъалъув тIамунги вукIана. Поэтасул кучIдузда гьоркьоб буго туснахъалъув вукIаго хъвараб кечI.

Рамазан МухIамадовас тIехь кьватIибе биччазе кумек гьабун буго ГIали-хIажиясул тухумалъул чи Дагъистаналъул рахунел унтабазул больницаялъул бетIерав тохтур, Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тохтур ТIад Инхо росулъа МуртазагIали МухIамадовас. ТIехь сайгъат гьабулеб буго Инхоса ГIали-хIажияв гьавуралдаса 170 сон тIубаялде.

Дида ракIалде ккола гьеб тIехь кьватIибе биччан хадуб, гьеб нилъер Гумбет районалда щивав чиясул рокьоб мустахIикъаб гьоболлъул букIинин. Гьединаблъун буго гьабсагIатги нилъехъ бугеб гьесул назмабазул тIехьги.

Гьесул назмабазул тIехь цIалидал нилъ гIемераб жоялде кантIула, гIемераб жоялъул пикру гьабизе тIамула. ГIали-хIажияв вуго унго-унгояв гIакълудал ралъад. ЦIале ва пайда босе ГIали-хIажиясул хIакъалъулъ хъвараб цIияб тIехьалдаса.

**ХIадисил Камил,
ЧIиркъатIа росу**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

Россиялъул Конституциялъул кьоялда хурхун «Село Тлярата» росдал поселковияб администрациялда тIобитIана ция – пачалихъалъул кьучI» абураб темаялда доклад гьабуна ЛъаратIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул




«гургинаб стол». Гьенире ракIарун рукIана росдал учреждениязул гIуцIабазул хIалтIухъаби. «Конституцентралъул нухмалъулей Бика ГьазихIмаевалъ.

**Барият ГIалиева**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ

# ЧIиркъатIа музеялда ва АхIулгохIда рагьараб дарс

**ГIагараб ракьалде бугеб рокьиги,гьелъул бахIарчияб тарихги лъазаби – гьеб ккола мугIалимзабазул ва умумузул бищунго цебесеб борчлъун ва налъилъун. Нилъерго умумузул тарих,гьезул лъалкI цIехей, гьелъул кьучIалда лъимал куцай налъилъун ккола, хасго тарихалъул гIелмуялъул мугIалимзабазул.**

Кавказалъул рагъул темаялда лъималазда малъулеб программа щведал, лъималазулгун дир хIукму ккана гьеб лъугьабахъин ккараб АхIулгохIил тарих лъикI лъалев ЧIиркъатIаса Ибрагьимов Ибрагьимихъе ине ва бахIарчияб гохIалъулгун гьесда цадахъ лъай-хьвай гьабизе.

Ниж рачIиналъухъ балагьун чIун ватана музеялъул директор Ибрагьим ва гьес гIатIидго лъай-хьвай гьабуна музеялъул алатазулгун ва гьелъул тарихалъулгун. ХIужабаз бицунеб букIана ЧIиркъатIа росу бечедаб тарихалъул ва гьунарчагIазул росу букIин. Музеялъулгун лъай-хьвай гьабун хадуб нижер хIукму ккана Кавказалъул рагъул бухIи тIаде ккараб АхIулгохIде дарс кьезе ине Ибрагьимги вачун. Гьениб дица бицаралда тIадеги Ибрагьимица гьваридго лъай-хьвай гьабуна гохIил тарихалъулгун ва гьелъун кьисматалъулгун ва халкъалъул бахIарчилъиялъулгун. Дида циндаго ракIалде щвана ГIиса Шарапудиновасул «Буго



АхIулгохIил ахIи жегиги» абураб тIехьалдаса мухъал:

«Огь, дир бахIарчияб яхI буге́б миллат,

ЯхI тIагIун кьуркьичIеб, кьун наку чIвачIеб...»

ХIакъикъаталдаги, гьединаб буго нилъер халкъалъул кьисмат.

ГьитIинаб миллаталъул бахIарчилъиялъги, гьезул кьо хIехьеялъги ракIалде щвеязги лъималазул рекIее кIудияб асар щвана ва гьезда бадиб хулулеб букIана магIу.

РакIалдаса унареблъун хутIана АхIулгохIде сапар ва гьениб кьураб дарс.

Аби бугелъулха «АнцIол бицаралдаса цо бихьараб кьватаб букIунилан». Гьединаб ккана нижер АхIулгохIда гьабураб дарсил хIасил. Ниж кутакалда чIухIана гIадатияв нилъерго ракьцояв Ибрагьимил гьунаралдаса ва гьесда тарих лъаялдаса.

Баркала, Ибрагьим, нижее гьабураб кумекалъухъ ва гьабураб хIурматалъухъ. АхIулгохIил шагьидзабазул шапагIат щолеллъун гьареги нилъ киналго, Ибрагьим. Амин.

**Адабгун, баркала загьир гьабун, Игьалиб гьоркьохъеб школалъул тарихалъул мугIалим ГIайшат СагIидова.**

ГУРХIЕЛ-ЦIОБ

# Инвалидазул къо кIодо гьабуна

**Районалъул гIадамал социалияб рахьалъ хьезарилъул централъул, гIемерсонал рарал гIадамазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабиялъул отделалда тIобитIана инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къоялда хурхун дандеруссин. Баркиялъулаб кIалъай гьабуна гьеб отделалъул нухмалъулей Раисат ГIумаровалъ. Инвалидазда гьезул къоги баркун цере рахъана МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъаби ва гьез пасихIго цIалана кучIдул.**

КIалъазе рахъарал гьеб отделалъул хIалтIухъаби **Наида Манаповалъ, Марьям Эсенбулатовалъ,** ЦСО-Налъул хIалтIухъан **Мадина ГIамирхановалъ**, инвалидазул къоги баркулаго, гьарана гьезие сахлъи, рохел, ТIадегIанасда хьулги лъун лъикIал къасдалгун, рекIел къваридал къасдалги рикIкIад гьарун, тавакалалда гIумру гьаби.

Инвалидазул рахьалдасан гьеб тадбир гIуцIаразе баркала кьун кIалъазе рахъана Айзанат Биларбиева, ГIайшат Исламбиева ва гь. ц.

Тадбир хIадур гьабураз гIахьаллъаразе гIуцIун букIана бечедаб тепси. Кьуна тадбиралда гIахьаллъарал инвалидазе сайгъаталги.

**ГIайшат Исламбиева**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

УНТАРАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Туберкулез -бахунеб унти

**Туберкулез ккола рахунел унтабаздасан цояблъун. Гьеб унтул кинал гIаламатал рукIине бегьулел? Гьелъ унтиларедухъ кинал тадбирал гьаризе кколел ва цогидалги суалалгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Гумбет райбольницаялъул врач – фтизиатр Халисат ГIалиевагун.**

**- Халисат, туберкулез унти сундасан бахунеб?**

- Аслияб къагIидаялъ туберкулез бахуна гьеб унтиялъ унтарал гIадамаздасан, хIайваназдасан ва хIанчIаздасанги хIухьел цIалаго гьаваялде гъорлъе ккарал микробаздалъун. Гьединго унтарасул цIарагIалдасан ва цогидалдасанги.

**- Кинал гIаламатаздалъун лъазе бегьулеб туберкулезалъ унтун рукIин?**

- Гьелъул гIаламаталлъун ккола хехго свакай, гIетI бай, квандаса ракIбуссин, хIалакълъизе лъугьин, рухI тIагIин, кидаго цIа-кан бахун рукIин, хIалтIи гьабулелъул хIухьел гIоларого хIалцен бачIун лъугьин. Тулеб ахтуялда гьорлъ рукIине бегьула бидул къатIраби.

**- Туберкулезалъул диагноз кин чIезабулеб?**

ТIоцебесеб иргаялда гьабизе ккола рентген – флюорография, туберкулезалъул микроб гьорлъ бугищан ахтуялъул анализ. Лъезе ккола проба – манту. Гьабизе ккола бидул ва кIващул анализ.

**- Унтарал гIадамал сах гьаризе ккани щиб гьабизе кколеб?**

- ТIоцебесеб иргаялда унтарав вегизавизе ккола гьесие данде кколеб больницаялда. Халат бахъараб заманалда гьаризе ккола уколал ва гьоркьоса къотIичIого гьекъезе ккола дараби, цIунизе ккола кванил низам. Унти халат бахъуна кванил низам цIуничIони, захIматаб хIалтIи гьабуни. Дараби гьекъечIого гьоркьоса къотIизе тани, гьеб хроническияб формаялде свеpула ва тIубанго сах гьабизеги кIоларо. Гьединлъидал врачас малъухъе, букIине кколеб куцалда дару гьабизе ккола.

Туберкулезалъ унтичIого рукIине ккани гIумру гьабиялъул шартIал лъикIлъизарияда тIад хIалтIизе ккола. ЛъикIаб гьечIо регьел бугеб минаялда гIумру гьабизе. ГIемер рукIине ккола цIияб гьава бугеб бакIалда. ЦIунизе ккола рацIцIалъи. ЛъагIалида жаниб цо нухалъ гьабизе ккола флюорография. Лъималазе чара гьечIого гьабизе ккола вакцина БЦЖ. Гьеб гьабула лъимал гьарулеб рокъобго, лъимералъ ункъо къо бадал, кIиабилеб ревакцинация гьабула анкьго сон бан хадуб, лъабабилеб 14 сон бан хадуб.

**- Жакъа нилъер районалда кинаб хIал бугеб?**

- Абизе бегьула гIемерго лъикIаб хIал гьечIин. ГьечIо хIалтIулеб хьвадулеб флюорография. Жиндир заманалда халгьабизе рачIунгутIиялъ гIадамазул цIикIкIараб къадар 3 – 5 соналъ халгьабичIого хутIулеб буго. Гьединлъидал туберкулез тIатунеб буго кватIун. Туберкулезалъ унтарав чи, унти мухIканго чIезабизе, нижеца витIула МахIачхъалаялде туберкулезалъулаб диспансералде. Гьенир руго лъикIал рентгеналъул аппаратал, бактериологиялъулаб лаборатория. Унтарас тIубан сахлъичIого гьарулел дараби гьоркьоса къотIизе гьаруни, хадуб гьолго дараби гьекъаниги кумек гьабичIого букIинеги бегьула. Щай абуни, микроб гьол дарабазде ругьунлъуларо. Туберкулез сах гьабизе раккун руго цIия-цIиял хIасил кьолел дараби ва унти бугеб бакIалде дару биччалел цIиял аппаратал. Туберкулез сах гьабизе рагьун руго хасал больницаби Хасавюрталда, Буйнакскиялда, Бавтугъаялда, Кизилюрталда, МахIачхъалаялда, РахатIа. ТIубанго сахлъиялда ракIчIараб мехалъ унтарав рокъове виччала. Гьелдаса хадуб лъикIаб буго санаториялде ине. Гьедин тIадчIун дараби гьаруни туберкулезалдаса тIубанго сахлъула.

**- Фтизиатрасухъе халгьабизе тIоцебесеб иргаялда кинал категориязул гIадамал рачIине кколел?**

- Унтаразда аскIор ругел киналго гIадамал, хроническияб унтиялъ унтарал, халат бахъун гармональниял препаратал гьекъолел унтарал, СПИД унтиялъ унтарал ва положительнияб манту бугел лъимал.

- Районалъул поликлиникаялда флюорографиялъулаб аппарат буго. Гьединлъидал лъикIаб букIинаан лъагIалида жаниб цо нухалъниги нужерго сахлъиялъул халгьабизе рачIани.

**ГIайшат Исламбиева**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Гафик приема граждан (заявителей) в прокуратуре Гумбетовского района Республики Дагестан

| № | Должность, классный чин | ФИО прокурорского работника | Дни и время приема | Примечание |
|---|---|---|---|---|
| 1. | прокурор района, старший советник юстиции | Магомедов Магомед Абдулхаликович | вторник, среда с 9:00 до 13:00 с 15:00 до 18:00 | |
| 2. | помощник прокурора района, юрист 2 класса | Магомедов Шамиль Магомедмансурович | понедельник, четверг, пятница с 9:00 до 13:00 с 13:45 до 18:00 | в пятницу прием граждан (заявителей) осуществляется до 16:45 |

**В вечернее время, выходные и праздничные** дни прием осуществляет дежурный прокурорский работник по прокуратуре района согласно утвержденному графику на месяц.

**При личном приеме гражданин обязан предъявить документ, удостоверяющий его личность (паспорт гражданина Российской Федерации).**

**М.А.Магомедов,**
**прокурор района, старший советник юстиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## О проведении добровольной государственной дактилоскопической регистрации

**Согласно приказа МВД России от 14.07.2012 № 966 «Об утверждении административного регламента Министерства внутренних дел Российской Федерации по предоставлению государственной услуги по проведению добровольной государственной дактилоскопической** регистрации в Российской Федерации» (Зарегистрирован в Минюсте России 27.07.2012 N 25034), (ред. 19.02.2015) ОМВД России по Гумбетовскому району оказывается государственная услуга гражданам по добровольному дактилоскопированию.

Срок предоставления государственной услуги составляет:

При получении дактилоскопической информации гражданина и выдаче заявителю справки о прохождении добровольной государственной дактилоскопической регистрации - не более одного часа с момента принятия решения о возможности предоставления государственной услуги;

При внесении изменений в дактилоскопическую информацию гражданина, прошедшего добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию, и уведомлении об этом заявителя – не более 30 дней со дня принятия решения о возможности предоставления государственной услуги;

При уничтожении дактилоскопической информации гражданина, прошедшего добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию, и уведомлении об этом заявителя - не более 30 дней со дня принятия решения о возможности предоставления государственной услуги.

Желающие граждане могут обращаться в дежурную часть ОМВД РФ по Гумбетовскому району в рабочие дни кроме воскресенья с заявлением о проведении добровольной государственной дактилоскопической регистрации.

Телефон для справок 26-204., 8928 958 08 71.

**С. И. Магомедалиев,**
**и. о. начальника**
**ОМВД России по**
**Гумбетовскому району,**
**подполковник**
**внутренней службы**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Изменения в законодательстве в области дорожного движения

**Уважаемые водители!**

**Сообщаем вам о том, что 01 января 2016 года вступает в силу Федеральный закон от 01.12.2016 года № 437-ФЗ «О внесении изменений в КоАП РФ в части совершенствования взыскания штрафов за административные правонарушения в области дорожного движения».**

Согласно закону с указанной даты при уплате административного штрафа нарушителям главы 12 КоАП РФ вводится возможность уплаты половины суммы наложенного штрафа. Уплата штрафа должна быть произведена привлеченным, лицом в течении 20 дней. Если исполнение постановления о назначении штрафа было отсрочено, рассрочено, административный штраф уплачивается в полном размере.

Обращаем Ваше внимание, что 20-дневный срок для уплаты штрафа начинает течь со следующего дня после дня его наложения. При этом в случае если указанный срок оканчивается в нерабочий день, то он переносится на первый рабочий день.

Возможность уплаты штрафа в размере 50 % не предусмотрена за совершение административных правонарушений по; ч.1.1 ст. 12.1, ст. 12.8, ч. 6 и 7 ст. 12.9, ст. 12.12 ч. 3.1, ст. 12.16, ст. 12.24, ст. 12.26, ч. 3 ст. 12.27 КоАП РФ.

**Расул Ахкубегов,**
**начальник ОГИБДД**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил кьватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1339
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.